Ассаламу гӀалайкум!

# ЦӀумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 9 май Рузман № 20 (7890) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

КӀудияб Бергьенлъиялъ - 80 сон

## Районалъул бетӀерасул барки

**ХӀурматиял районцоял!**

Гьале тӀаде щвана Советияб халкъалъ КӀудияб ВатӀанияб рагъда бергьенлъи босаралда-




са 80 сон тӀубаялъул байрам. Дунялалъулго цебетӀураб инсаниялъ щибаб соналъ рекӀелъ кӀудияб чӀухӀигун, рохалилаб асаргун дандчӀвай гьабула гьелде. Рохелгун цадахъ, пашманлъи загьир гьабун, ракӀалде щвезарула кьалул майданазда хутӀаралги, кьалул захӀмалъаби раччарал рагъул ветераналги, тылалъул захӀматчагӀиги.

ЗахӀматаб букӀана бергьенлъиялде нух, рагъалъ ккезаруна рикӀкӀен гӀемерал балагьал. РухӀалда барахщичӀого багъана БагӀараб Армия ва нилъер халкъ гурхӀел гьечӀев тушманасда данде. 1418 сордокъоялъ халатбахъараб рагъда бихьизабуна гьез бахӀарчилъи, цолъи, гъунки, гьудуллъи ва ВатӀаналъе ритӀухълъи.

Нилъеца кӀудияб пашманлъигун ракӀалде щвезарула рагъда хваралги, араб бакӀ лъачӀого тӀагӀаралги, рокъоре тӀад руссун хадур абадияб рокъоре аралги.

Даимаб рецц жакъасеб гвангъараб ракълилаб гӀумруялъе гӀоло кьалул майданазда абадиялъего берал кьанцарал рагъухъабазе.

Баркула КӀудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тӀубай. Гьарула киназего сахлъи, рохел, талихӀаб ва ракълилаб гӀумру. БукӀа абе нилъеда тӀад даимго ракълилаб зоб!

**Шамил ГӀумаров,** районалъул бетӀер

## Зоб къотӀун къокъунеб къункърабазул тӀел

Зоб къотӀун къокъунеб къункърабазул тӀел,
ТӀупун лъураб накӀкӀукь бачунеб буго.
Доб тӀелалъул ахир нилъер хараби,
Хеккого берзукьа тӀерхьунел руго.

Гьел руго Варшава, Берлин босарал,
Бресталда рагъул ругьнал сахлъичӀел.
Гьел руго Гитлерил габур бекарал,
Фашизма тӀубанго малакь мерхьарал.

ЦӀадулъги лъадалъги лъелго хьвадарал,
Кидаго хӀинкьизе ракӀалде ккечӀел.
Нужер цонигияв кӀочон тун гьечӀо,
КӀудияб улкадул гучал бахӀарзал.

Бергьенлъи босарал щай гӀедегӀулел,
ГӀолохъаби руго нужехъ ралагьун.
Бице гӀолилазе ракьулъ лъуразул,
Кьвагьараб ярагьалъ гӀумру аразул.

Бице ракъиялъул, кьо хӀехьеялъул,
Къараб зар гӀадинан нилъ цолъиялъул.
Бице рокьиялъул, рокьой таралъул,
Макьилъ цее ячӀун нуж цӀунаралъул.

Кьварилъи хӀехьана, захӀмат баччана,
ЯхӀалъул хӀубаллъун нуж кьвакӀун чӀана.
Тушман гьалаг гьавун ватӀан цӀунарал,
Баркала нужее, нижер умумул.

**М. СагӀадуев**

## БахӀарзазе хвел букӀунаро

КӀудияб ВатӀанияб рагъул кьвагьи къотӀаралдаса тӀубана 80 сон. Амма гьелъ лъуна киданиги сахлъуларел, ссудулел ругьнал, гьединлъидал сонал анагӀан гьелъул кьиматги кьадруги халкъалъе цӀикӀкӀуна. Кьоло анлъго миллионалдасаги цӀикӀкӀун чи накълулъарав гьеб гӀасияб рагъда гӀахьаллъана цӀумадиселги.



ВатӀан цӀунизе гӀоло рагъде ана 2187 цӀумадисев ва рагъул байдабазда хутӀана 876 чи. Рагъдаса руссараз жигараб хӀалтӀи гьабуна магӀишат рукӀалиде ккезабизе, цо-цоял хӀалтӀана республикаялъул ва районалъул жавабиял ишазда: Александр Невскиясул ва БагӀараб Байрахъалъул орденазе мустахӀикълъарав РичӀагьанихъа капитан МухӀамад ХӀайбулаев гӀемерал соназ гӀахьаллъана ДАССРалъул Верховный судалъул коллегиялда, «БагӀараб цӀва» орденалъе мустахӀикълъарав, рагъдаса хадусел соназ росдал колхозалъул председательлъун хӀалтӀулаго «ЗахӀматалъул БагӀараб байрахъ» орден щварав Гьигьалъа ХӀажиев Мансур, Цумада ва ЦӀунтӀа районазда прокурорлъун ва нилъер районалда судьялъун хӀалтӀарав рагъулал гьунаразухъ «БагӀараб цӀва» орден щварав Гьадириса МухӀамад Дибиров, гӀагараб росдал колхозалда хӀалтӀарав кӀицӀул «БагӀараб цӀва» ва лъабабилеб даражаялъул «Реццалъул Орден» щварав ТӀиссиахикьа МухӀамад Кьадиров.

Гьезда гьоркьоса Эчедаса Абакаров Кьади вахьана Совет Союзалъул БахӀарчилъун. Гьев ккола тӀолго нилъер районалъул халкъалъул чӀухӀилъун.

Кьади гьавуна 1913 соналъул 9 маялда векьарухъанасул хъизамалда. КӀудияб ВатӀанияб рагь байбихьарабго, росдал колхозалъул бригадирлъун хӀалтӀулев вукӀарав Кьади тӀоцеве вачӀуна рагъулаб комиссариаталде жив рагъул фронталде витӀеян гӀарзагун. Амма цӀаялиго гьев нахъе витӀула, гьев нахъисеб кьоялъги уна, гьанжеги инкар гьабула. Гьедин щуго нухалъ гӀарза хъваниги витӀуларо гьев фронталде. Ахирги КПССалъул ЦӀумада районалъул секретарасухъе уна жив рагъде витӀизе кумек гьабеян, ва гьес Кьадил гьари тӀубала.

1942 соналъул риидал Кьади цогидал рагъухъабигун щола МахӀачхъалаялде ва витӀула фронталде. Гьесул рагъулаб нух байбихьула Наурский районалъул Ищерская станциялда 1942 соналъул 17 ноябралъ. Гьениб ккараб рагъулъ Кьадил отделениялъ кӀиго танк ва лъеберго немцав чӀвала. Тихорецкая станциялда гьевгун рукӀарал лъабгоялги чӀван, Кьади цохӀо хутӀула, амма гьес хехго, гьоркьоб манзил тун миноmeтaлги лъун, дове-гьаниве кӀанцӀун кього немцав чӀвала ва хутӀарал асир гьарула. ТӀаде щварал нилъер рагъухъаби тамашалъула, гьесул лебаллъиялда ва бажариялда бахиллъула. Гьеб бахӀарчияб ишалъе Кьадие щола тӀоцебесеб шапакъат «За воинскую доблесть» медаль. Гьев вагъана Донбасс, Днепр гӀорал, Молдавия немцаздаса эркен гьабулаго. Днепралъул плацдарм бахъулаго гьесие щвана «За отвагу» медаль. Польшаялда Висла ва Одер гӀорал рахулаго Кьадил отделениялъ гьарурал гъужумаз немцазул нус-нус жаназаби хутӀана рагъул майданалда. Гьениб бихьизабурал бахӀарчилъиялъухъ гьев кӀодо гьавуна «БагӀараб Байрахъ» орденалдалъун. Гьедин бахӀарчиго вагъулаго Кьади щвана Германиялъул ракьалде ва Вербух росдада аскӀоб ккана цоги кӀочонареб рагъ, кӀицӀул гъужум гьабуниги гьесул отделениялда кӀвечӀо росу немцазухъа бахъизе. Гьеб заманалда росулъан гьезде тӀаде бачӀине лъугьуна немцазул «Тигр» абулеб кього танк. Хандакъаздасан къватӀиреги рахьун, нилъер аскаразул щуго рагъухъан гьезде данде уна. Фашистазда гьел рихьулел рукӀунаро. ТӀоцебе нилъераз лъабго танк кьвагьизабула, хадуб ункъо, хадубги ункъо, киданиги анцӀила цо танки кӀиго гьужум гьабулеб гӀарадаги хвезабула. Гьеб мехалъ немцал нахъе къазе лъугьуна. Ахирияб танкалдаса къватӀиве ваккарав немцав Кьадиде кьвагьула, амма гьесул туманкӀ чвархъун хутӀула. Гьеб мехалъ данде кьвагьдезе лъугьарав Кьадилги туманкӀ чвархъула. БухӀулеб танкалде тӀадеги кӀанцӀун, Кьадица немцав къватӀиве цӀала ва танкалда тӀад кӀиязулго рагъ ккола. Немцав вукӀуна лага-черхалъ къуватав ва гьес Кьади гьанкизе жигар бахъулеб букӀуна. Кьадица бараб малалъ гьев танкалдаса гьоркье рехула ва тӀаде щварал нилъер рагъухъабаз немцав чӀвала. Гьеб лахӀзаталда Кьади немцазул бухӀулеб танкалда тӀад кьурдула.

Гьедин, 1945 соналъул 17 апрелалъ, Вербух росуги босун, рагъула Берлиналде нух. Гьеб рагъда Кьадица анкьо танки кӀиго гӀарадаги кьвагьула, гьединго анцӀго немцавги чӀвала. Гьеб бахӀарчияб гьунаралъе гӀоло Кьади Абакаров вихьизавула Совет Союзалъул БахӀарчиясул цӀаралъе.

1945 соналъул 24 июналда Кьади Абакаров гӀахьаллъула Москваялда тӀоцебесеб Бергьенлъиялъул Парадалда.

1946 соналъул 16 маялъ Кьади Абакаровасе кьола Совет Союзалъул БахӀарчи абураб цӀар.

Рагъдаса хадув гьев хӀалтӀула АгъвалиⅠ школалда военруклъун, хадув гӀумрудул ахирисел соназде щвезегӀан хӀалтӀана Агъвали сберкассаялъул нухмалъулевлъун.

1948 соналъ халат бахъараб унтудаса хадув хвана Кьади. Гьев хваниги, киданиги кӀочонаро цӀумадисезда гьесул цӀарги бахӀарчиял ишалги. Кьади даим чӀаго хутӀила нилъер халкъалъе ва мисаллъун вукӀина гӀун бачӀунеб гӀелалъе. БахӀарзазе хвел букӀунаро.

**МухӀамад Шамсудинов**

КIудияб Бергьенлъиялъ - 80 сон

# Баркала нужее бергьенлъиялъухъ


МухIамад ХIайбулаев
(РичIагъанихъ)


МуртазагIалиев ХIажи
(ТIадгъакквари)


Деньгаев ИсхIакъ
(Лъондода)


ГIабдулмажидов МухIамад
( Гъоркьгъакквари)


Вечедов МухIамад
(Хуштада)


КъурамухIамадов Динга
(Эчеда)


Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров


Къадыров МухIамад
(ТIисси-Ахикь)


ХIажиев Мансур
( Гьигьалъ)


Деньгаев ГIабдула
(ТIинди)


Дибиров МухIамад
(Гьадири)


Шарипов МухIамад
(РичIагъанихъ)


МухIамадов ЖабрагIил
(Инхокъвари)


ХIажиев МухIамад
(Хуштада)


Юсупов МухIамад
(Агъвали)


МухIамадов ГIабдулхабир
(Гьигьалъ)


ХIажимухIамадов Ислам
(ТIинди)


Къураев МухIамад
(КIванада)


МуртазагIалиев МухIамад
(Агъвали)

2025 - ВатIан цIунулесул лъагIел

## ЦIумадисел - СВОялъул бахIарзал



КъурамухIамадов МухIамадкамил (Гьигъалъ), лейтенант, разведротаялъул командир

Шапакъатал:

-Медаль «За отвагу»,

-Знак отличия ордена Святого Георгия-Георгевский крест 4-й степени,

-Орден Мужества,

-Медаль «За храбрость»,

-«Народный Герой Дагестана».

* * *



Дибиров Шамил (Хуштада)

Шапакъат:

-Медаль Жукова.

* * *



МухIамадов Лечи (ТIинди)

Шапакъат:

-Медаль «За отвагу»

* * *



МухIамадов ХIажимухIамад (ЦIумада-гIурухъ)

Шапакъат:

-Медаль Суворова

* * *



Вацал ХIайбула ва МухIамад МухIамадовал: (Гьигъалъ)

Шапакъатал:

ХIайбулагьил

-Медаль Жукова.

-Медаль Суворова



МухIамадил

-Медаль Жукова.

## Черхалда ярагъ барал

ВатIаналде къо ккедал,
Черхалда ярагъ барал,
Лебалал магIарулал,
Гъуре нужеца тушман.

ГъалбацIил къвакIи бугел,
КъвакIараб улкаялъул,
ХIинкъи- къай лъаларел,
ВатIаналъул ирсилал.

ГьечIо Дагъистаналда
Цониги район- росу,
ЗахIматаб заманалда
Гьелъий керен рагьичIеб.

Гьезул цебесеб кьерда,
ЦIар хъвана цIумадисез.
Цониги росу гьечIо,
ГIарза хъван васал инчIеб.

Гулие керенги кьун,
Зонода цIар бикIичIел,
Хабзалалъ хобал гьечIел,
БахIарзал гIемер руго.

Араб бакIал лъачIого,
Цереса ун тIагIарал.
ГIумруялъ магIу тIезе,
Улбузул ракI лъукъарал.

Хъизан- лъималаздаса,
ВатIан цебе гьабурал.
БахIарзал кIочон тараб
Къо букIине ккеларо.

**МухIамад Коратов**

## Студентазулгун районалъул нухмалъулесул дандчIвай

МахIачхъалаялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул педагогикияб университеталда араб анкьалъ тIоритIана «Муниципалитеталъул къоял».



Санайил тIобитIулеб гьеб тадбир бухьинабураб букIана ахирисел курсазул студентазулгун районазул бутIрузул ва лъайкьеялъул идарабазул хIалтIухъабазул дандчIваялъе, ва гьелъул масъалаги букIана цIали лъугIун хадуб гIолохъанал специалистал лъайкьеялъул идарабазда хIалтIудалъун хьезариялъул суал. Тадбиралда гIахьаллъана нилъер районалъул бетIер Шамил ГIумаровги.

Гьениб Шамил ГIумаровасе студентаз кьурал суалал рукIана гIолохъанал специалистазе хIалтIуе ругел шартIазул, специалистал гIунгутIиялъул, районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялда тIад ургъа-хIалтIиялъул ва цогидалги. Суалазе жавабал кьуна щвалде щварал, гIолел-гIоларел рахъазул бицун, ракIал рагьараб гарачIвариялдалъун.

-Жакъа нужеца кьолел руго кIвар бугел суалал: кинал шартIал чIезарун ругел районалда яшав гьабиялъегун хIалтIиялъе? Абила, кигIанги лъикIал ругилан. Ахирал соназ лъалаго лъикIлъана районалъул социалиябгун экономикияб рахъ, руго хьил тIурал нухал, гIемерисел росабалъе бачун буго газ, хутIарал росабалъеги гьеб бачиялда тIад унеб буго хIалтIи. Руго школал, кIиго больница ва ФАПал, спортивиялгун маданияталъул объектал. Амма аслияб жо-нилъер буго мугIалимасул захIматалъул къимат гьабизе лъалеб халкъ, ва гьеб балагьун буго гIун бачIунеб гIелалъе тарбиягун лъай кьезе хIадурал гIолохъанал специалистал рачIиналъухъ,-ан абуна Шамил ГIумаровас.



Гьадинал дандчIваязги квербакъула, абухъего, бадисан бадибе хабар бицун, дандчIваязул гIахьалчагIазул суалазе чIванкъотIарал жавабал щвезе гуребги, жалго хIалтIудалъун хьезариялъул суалазульги гIелазда гьоркьоб щулияб бухьен кквезеги.

ДандчIвай ана киналго разияб ахIвал-хIалалда, студентазда таманалъ ракIалда хутIила гьеб данделъи.

## Бергьенлъиялъул къоялда бан конференция тIобитIана

Дагьаб цебе маданияталъул КIалгIаялда тIобитIана КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялда бан конференция. Гьенир данделъун рукIана райадминистрациялъул, учреждениябазулгун



организациябазул, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби ва депутатал. Баркиялъулаб кIалъайгун конференция рагьана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас жиндирго кIалъаялъулъ КIудияб Бергьенлъиялъул бицунаго Халилула МухIамадовас бихьизабуна Советияб халкъалъ КIудияб ВатIанияб рагъда бихьизабураб бахIарчилъи даимго рекIелъ цIуни кIвар бугеб иш букIин.

9 май -Бергьенлъиялъул къо ккола щивасул гIумруялъулъ хасаб бакI кколеб ракIалдаса унареб байрам.

1945 соналъ БагIараб армиялъ щущазабуна гитлерил ва гьесие мутIигIал улкабазул аскарал, цIунана нилъер улкаялъул букIинесеб хвасар гьабуна инсаният цебехун киданиги бихьичIеб хIинкъи-къаялдаса.

Нацизмалда тIад КIудияб Бергьенлъи щвана Советияб халкъалъул цадахъаб бахIарчилъиялдалъун, СССРалъул щибаб республикаялъул къуваталдалъун.

БакътIерхьул улкабаз политикаялда рекъон рагъулаб тарих хисизабизе кигIан къасд гьабуниги, дунялалъул миллион халкъалъ рагъулаб тарих рекIелъ тIалабагъаз гьабун цIунана,-ян абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда Халилула МухIамадовас.

КIудияб Бергьенлъиялъ инсаниятальe кьураб эркенлъиялъул ва советияб халкъалъ гьелъие гIоло кьураб гIумруялъул бицун кIалъазе вахъана захIматалъул ветеран МухIамад Шамсудинов. Гьес баян гьабуна рагъул соназда цебе дунялалда букIараб социалиябгун политикияб ахIвал-хIалалъул. Нацистияб Германиялъ бихьизабураб экономикияб кризисалъги,




милитаризмалъги, гьелъул тушманияб политикаялъги бихьизабуна тIолгодунялалдаго дагIба-рагIи ккеялъе шартIал.

Гьелъул захIмалъабигун дандчIвана нилъер умумул, гьезул щулалъиялъ ва цолъиялъ рес кьуна тушманасулгун рагъулъ къо хIехьезе бергьине, -ян абуна МухIамад Шамсудиновас.



КIалъазе рахъарал цогидазги бицана ВатIанияб рагъул кьогIлъиялъул ва гьениб щвараб Бергьенлъиялъул хIакъалъулъ.

Конференциялда жидерго программагун цере рахъана районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби.

Волейбол

# Турнир на призы газеты «Голос Цумады»

1 мая в с. Агвали прошел районный турнир по волейболу среди мужчин на призы газеты «Голос Цумады», посвящённый празднованию 80 летия Победы в Великой Отечественной войне.

В спортивном состязании приняли участие 9 команд.

В турнире почетным гостем присутствовал ветеран волейбола, председатель районного Собрания депутатов МР «Цумадинский район» Магомед Нурмагомедов. В результате упорных соревнований первое место заняла команда «Верхнее Гаквари», второе место заняла команда «Ункратль» и на третьем почетном месте расположилась команда «Гигатли».



Подытоживая результатов турнира Магомед Нурмагомедов поздравил участников и болельщиков с наступающим праздником 80 летия Великой Победы.

Победитель и призёры были награждены денежными призами, кубками, медалями, грамотами и дипломами соответствующих степеней.

Команда, занявщая 1 место получила переходящий кубок и 30 000 руб. Команда, занявщая 2 место была награждена призом 20 000 руб., а команда, занявщая 3 место получила приз в размере 10 000 руб.

Приз «лучший нападающий» вручён А. Магомедову (Гигатли), «лучший связующий» - С. Сулейманову (Верхнее Гаквари), «лучший защитник» -Р. Магомедову (Ункратль). Также дополнительный приз за зрительских симпатий, учрежденный председателем Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» М. Нурмагомедовым, достался Шейхахмедову Юнусу (Гигатли).

-Ежегодный турнир на призы газеты «Голос Цумады» является отличной возможностью для цумадинцев проявить спортивный дух и единство, - отметил в своем выступлении Магомед Нурмагомедов.

Турнир прошел в теплой и дружественной атмосфере.

**Далгат Абдулбасиров**

# Бергьенлъиялъул субботник



26 апрелалда Агъвали «Волентеры Победы» абураб тIолгороссиялъул жамгIияб багъабачариялъ тIобитIана КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялде хурхун «Мы за чистоту» абураб ахIиялда гъоркь субботник.

Гьеб тадбиралъ бихьизабуна гIолилазул патриотизм, гIагараб ракь бокьи ва гьелъул хIурмат гьаби. Нилъ киназдаго бичIчIула рацIцIалъи гIемерисеб бараб букIин нилъеда сверухъ бугеб тIабигIаталдехун нилъер бербалагьиялдаса.

РачIа тIабигIаталъул ургъел гьабизин ва гьеб бачIунеб гIелалъе цIунизин.

**Шамил Бадрудинов**

Эркенаб гугари

# Россиялъул Кубок босана

Оренбург шагьаралъул «Оренбургский» спортивияб комплексалда 29 апрелалдаса байбихьун лъабго къоялъ тIобитIана спортивияб гугариялъул рахъалъ ковералъул мастеразда гьоркьоб Россиялъул кубокалъе рагьарал къецал.




Гьенив эркенаб гугариялъул рахъалъ 78 кг. цIайиялда ковералъул мастеразда гьоркьов Россиялъул кубок босана нилъер ракьцояв Къеди школалъул учитель Сапиюла Сапиюлаевас.

Араб соналъ Сапиюла вахъана Минск шагьаралда ковералъул мастеразда гьоркьов Белоруссиялъул рагьараб чемпионаталда 78 кг. цIайиялда эркенаб гугариялъул рахъалъ чемпионлъун.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Россиялъул чемпионаталда гIахьаллъизе руго

3-4 маялда Владикавказалда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ чIахIиял гIолохъабазда гьоркьоб СКФОялъул чемпионат.



Гьенир гIахьаллъана Севериябь Кавказалъул округалъул анкьго регионалдаса 230 гугарухъан. РукIана гьезда гьоркьор нилъер районалъул гугарухъабиги. Кидаго гIадин лъикI цере рахъана нилъер районалъул гугарухъаби. СКФОялъул чемпионаллъун рахъана Инхокъвариса Аманула Расулов (86 кг.), Кванхиса Муса ГIалибулатов (57 кг.). (**Сураталда:** квегIиса кваранидe).

ГIарцулал медалал щвана Эчедаса ХIабиб Завурбековасе (70 кг.) ва Гьигьалъ-ГIурухъа МухIамадхIаби МухIамадовасе (92 кг.).




Призалъулаб лъабабилеб бакI ккуна Ибрагьим ГIабдурахIмановас (65 кг. Эчеда), Шамил Къадиловас (79 кг. Гьигьалъ), Рамазан Абузагьидовас (86 кг. Гьадири) ва Инхокъвариса Аманула ХIажимухIамадовас (92 кг.).

Баркула гьезда щварал бергьенлъаби. Гьарула Россиялъул чемпионаталда икъбал.

**Шамил Бадрудинов**

Райбольницаялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго больницаялъул хIалтIухъан ГIайшат Абакаровалда гьелъул рос

**ГIусман**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, нахъе ругезе иманияб сабру кьеги.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЩIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЩIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1304
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru